



# SÒLDÀ LAPÈ



Aktivite militè MINISTA yo. Lèt enfòmasyon nou an.



*Bay pwoteksyon*

Nimewo 4 - Oktòb 2012





## Sipòte sòlda lapè paw la!

- ✘ De Felipe Villela (Brasil) para TC Rangel: « *Homenagem ao meu pai: Pai, me sinto muito orgulhoso de saber que você e todos os outros peacekeepers ajudam muito e muitas vezes salvam a vida do povo haitiano, que precisa muito da ajuda de vocês! Estou morrendo de saudades e estou super ansioso para ver você aqui com a gente de novo! Abraço!* » (28/09/2012).
- ✘ De Christophe (France) à Franz : « *Salut camarade, bon courage à toi dans le boulot. Dans l'attente de nous revoir à ton retour. Ton ami* » (04/10/2012).
- ✘ Founa ki an Ayiti pou Sòlda Lapè : « *Mwen ta renmen remèsye sòlda lapè yo pou tout sa yo akompli nan peyi a. Se vre yo lwen fanmi ak lakay yo men sa pa anpeche yo kontinye goumen pou lapè. Ayibobo!!!* » (12/10/2012).
- ✘ De Veronica (Guatemala) para Marlon: « *Diosito... Tú que formaste el cielo y la tierra a tu semejanza te presento a Marlon Mihail Velasquez Alvarado, Diosito que en sus días de tristeza, tu deposites mucha alegría y no permitas que caiga en el abismo, que cuando se sienta solo, tu estés con él, que cuando él piense que nadie se recuerda de él, el sepa que está en nuestro corazón y que lo amamos mucho... Diosito ese hombre que te presento es mi Esposo, un Militar y el padre de mi hija Hermione* » (12/10/2012).
- ✘ From Viviana (Haiti) to all Peacekeepers: « *Congratulations for Security Council Resolution 2070 mandating UN Peacekeepers in Haiti to help and support Haiti's authorities with recovery efforts for another year* » (14/10/2012).

- ✘ Ou gen yon mesaj pouw voye bay sòlda lapè paw la pou yon evènman espesyal?
  - ✘ Ou jis vle dil ou sonjel?
  - ✘ Ou vle voye yon mesaj pou sipòte tout sòlda lapè yo ki an Ayiti?


Ou menm tou ou ka voye mesaj ou yo nan adrès sila:  
[support\\_haiti\\_peacekeepers@hotmail.com](mailto:support_haiti_peacekeepers@hotmail.com) ou byen klike sou imaj sa:



### Kèlke règ:

- ✘ Mansyone nonw, peyiw e non sòlda paw la.
  - ✘ Si ou vle dedye mesaj ou a ak tout sòlda lapè ki an Ayiti, jis ekri li.
    - ✘ Mesaj ou a dwe kout.
- Siw respekte règ sa yo, mesaj ou ap pibliye...

## *Palen de travay ou...*



Selena, GUAMPCOY, 22 lanne.

*“Non pam se Selena. Mwen se yon etidyan an tradiksyon ak entèpretarya nan inivèsite Gwatemala. Map travay kòm asistan lengwistik pou konpayi polis militè a e mwen se asistan tou kòmandan kontenjan mwen an. Menm si li di lèw lwen fanmiw ak zanmiw, mwen kontan e fyè reprezante peyim e patisipe nan misyon lapè sa. Se yon kokenn eksperyans pou mwen”.*



Gabriel, BOLCOY, 23 lanne.

*“Mwen se Gabriel. Mwen renmen travay konstriksyon paske mwen se enjenyè epi mwen renmen fanmim ak mennaj mwen Gabriela anvan tout bagay. Mwen travay kòm ofisye lyezon e kòm entèprèt nan konpayi mekanize Bolivi a. Mwen renmen travay mwen paske li pèmèt mwen pratike angle, espayòl, franse ak japonè e mwen aprann de anpil lòt kilti. Mwen trè rekonesan pou opòtinite sa mwen genyen poum ka reprezante peyim Bolivi, lame ak fanmim atravè travay map fè pa bò isit la”.*



## *You pou ki pa twò lwen*

Pandan mwa septanm ak mwa oktòb, enjenyè ENDOENGCOY yo ki nan domèn konstriksyon konstwi de pon pou pyeton en metal nan lavil Gonayiv ki pèmèt abitan yo travèse fasilman kanal prensipal ki nan vil la. Popilasyon nan zòn nan te byen akeyi travay sa ke yo konsidere tankou yon amelyorasyon konkrèt ak dirèk nan kotidyen ak aktivite yo.



 **ENJENYÈ MILITÈ  
PEYI ENDONEZI**





## OBJEKTIF : LAGONAV



*Soti premye rive 5 oktòb, fòs militè MINISTA a mennen operasyon TARPON ak PROUD EAGLE nan zile Lagonav. Operasyon sa te gen pou objektif sipòte PNH la nan misyon pou tabli sekirite ak estabilite sou zile a.*



Jou ki te premye oktòb, li te setè trant nan maten: Operasyon Tarpon an kòmanse e tout atou maritim yo te deja anplas. Sòlda MINISTA yo anbake nan bato pou yo ka al deplwaye sou zile Lagonav la. Pandan senk jou ki pase yo, sòlda MINISTA yo mennen patwouy ak misyon sekirite pou asiste polis nasyonal la (PNH) nan tabli eta de dwa.

Jou ki te 3 oktòb lanne 2012 la, operasyon PROUD EAGLE la te kòmanse ansanm ak patwouy nan elikoptè. Aksyon konbine sou teren, sou lanmè ak danlèzè te gen pou objektif mete gwo presyon sou rezo kriminel yo ou byen sou gang kap opere nan zile a.

Pou de operasyon sa yo, plizyè materyèl te mobilize tankou: yon bato sivil pou transpòte moun, twa bato patwouy marin Irigwe ak de elikoptè M19.



**Opinyon Kolonèl Alain GUTTIÉREZ (Lame Franse), Chèf operasyon pou fòs militè a:** *“Nou mennen yon operasyon ansanm ak polis nasyonal la e ak tout branch ki nan MINISTA. Operasyon an se yon siksè gras ak yon ekselant kòdinasyon ant tout enstans ki konsène yo. Operasyon sa kontribiye a diminye aktivite kriminel yo e sipòte pèp Ayisyen an kap viv sou zile a.”*



# SÒLDA LAPÈ



Operasyon TARPON ak PROUD EAGLE dewoule jan sa te planifye a, anpil patwouy sou lanmè, mobil ak a pye te mennen sou zile a. Anpil aktivite pou ede popilasyon an (Koperasyon ant militè ak sivil) te òganize tou pou sipòte popilasyon an. Apre operasyon an, kriminèl kap viv Lagonav yo konnen yo pa entouchab e yo paka kontinye ap vyole lalwa jan yo vle...


Resous ke operasyon TARPON ak PROUD EAGLE te itilize (Ansanm ak pèsònal PNH)

	98		6
	11		2



## Kòm rezilta...

Pandan operasyon TARPON ak PROUD EAGLE yo, 17 moun yo sispèk ki nan aktivite kriminèl te rive jwenn arestasyon yo.





## Sou fesen avèk

### BRABAT 2

*Nan jou ki te 9 oktòb 2012 la, sòlda batayon brezilyen 2 yo mennen yon misyon nan plizyè zòn nan Pòtoprens kote yo te akonpaye de yon envite espesyal: Gugu Liberato, youn nan prezantatè televizyon ki trè an vòg nan peyi Brezil.*

Soti 8 pou rive 10 oktòb nan lanne 2012 la, dezyèm batayon brezilyen an (BRABAT 2) akeyi Gugu Liberato, prezantatè yon emisyon ki trè popilè nan peyi Brezil e ki pase sou televizyon Rede Record.

Jou ki te 9 oktòb la, li te patisipe nan yon patwouy mekanize ke BRABAT 2 tap mennen nan zòn responsabilite yo nan Pòtoprens : Palè Nasyonal, Katedral “Notre Dame”, Fò Nasyonal (baz premye konpayi brezilyen an), mache Venezwela a ak kan deplase Golf Club, ki gen plis pase 27000 moun. Li te prezan tou nan yon distribisyon dlo potab yo tap bay timoun ki ap viv nan lekòl vilaj Itali a.

Ekip televizyon an te gen yon ide total de travay sòlda lapè yo ki se ede pèp Ayisyen an atravè operasyon sekirite ak stabilite.





*You espri an sante nan you kò an sante*

**Anplis travay konstriksyon yap mennen yo, sòlda lapè ki soti nan Repiblik Kore mennen chak semenn aktivite volontè pou yo ka ede pèp Ayisyen an, espesyalman jèn yo.**



## ENJENYÈ MILITÈ PEYI KORE

ROKENGCOY kòmanse premye klas òdinatè pou jèn Ayisyen yo mwa sa. Aktyèlman, disèt elèv ap aprann tewori òdinatè de baz yo, Windows 7, Excel, ak PowerPoint.

Nan fen kou a, yap resevwa yon sètifika. Kou yo fèt chak vandredi (2:00~5:00) ak chak samdi (1:00~5:00).

Epi tou, depi novanm 2010, sòlda lapè koreyen yo ap anseye klas Taekwondo. Aktyèlman, sèt enstriktè koreyen ap antrene senkant elèv. Yo fè kou sa nan lokal Kolèj Chrétien New Mission (CCNM) nan Lewogan chak lendi, mèkredi ak vandredi de dizè di maten a midi.

Depi kòmansman kou yo, dis elèv gentan resevwa sètifika ofisyèl yo nan men Asosyasyon Ayisyen Taekwondo.



### Kisa Taekwondo ye egzakteman?

Taekwondo - literalman “ se chemen men ak pye ” - li se yon espò konba ki gen orijin li nan peyi Kore. Li konbine teknik konba, otodefans, espò, egzèsis men tou meditasyon ak filozofi. Nan lanne 1989, taekwondo se te espò konba ki te pi popilè nan mond lan paske li te gen plis moun kap pratikel. Li vinn yon evènman olenpik depi lanne 2000.





## Ti chen pou sove vi

Sa fè kat mwa ke konpayi ki sot nan peyi Bolivi yo adopte senk ti chen e yo antrene yo pou yo ka espesyalize nan rechèch ak sovtaaj. Apre de lanne fòmasyon, yap vinn tounen yon kokenn atou pou gwoup reyaksyon rapid MINISTA a (QRF), misyon ki sou responsabilite BOLCOY.




### KONPAYI PEYI BOLIVI

An Janvyè 2010, nan Pòtoprens, tou pre palè prezidansyèl la, yon border collie, chen chasè, tap chèche moun ki te vivan nan zòn tranbleman tè a te devaste. Toudenkou, chen an lokalize sant moun ki potko mouri e ki te anba kat pye dekonm menm kote a li tonbe jape pou alète moun. Se konsa yo te sekouri e sove twa jèn tifi. Pandan tan sa, anpil chen tankou chasè, nan tout kote nan mond lan, te tou angaje nan sipòte anplwaye kap bay premye swen yo. Yo sove anpil vi.



Senk ti chen yo ak manman yo.



Yon operasyon rechèch ak sovtaaj ke yon chen mennen e ki reyisi.

BOLCOY reyalize enpòtans pou yo genyen epi itilize chen sa yo tankou zouti pou repons ijans nan ka katastròf natirèl. Donk jou ki te 8 jen 2012 lan, Konpayi an adopte senk ti chen pou antrene yo e pou yo ka tounen chen sovtaaj. Pwosesis la divize an kat faz: sosyalizasyon, obeyisans, deksterite ak finalman rechèch ak sekou. Gradyèlman, ti chen yo aprann tout sa enstriktè yo montre yo pozitivman.



# SÒLDA LAPÈ

Twa premye etap yo dire preske twa mwa. Kounye a ti chen yo nan dezyèm faz la ki se obeyisans. Chak jou, yo pase plizyè èdtan ap jwe ak antrenè yo. Jwèt sa yo se yon pati trè enpòtan nan fòmasyon an. Pandan ke antrenè yo ap gide yo, ti chen yo ap aprann e ap asimile pazapa tout reyaksyon yo.



Kaj pou chen yo pèmèt yo rete an bon sante e gen volonte pou yo travay.

Dènye faz la se li ki pi long e ki pi komplèks. Chen yo dwe chèche moun yo konnen e ki kache yon kote. Lap pran dezan fòmasyon pou animal yo espesyalize yo nèt nan rechèch ak sovtaaj. E lè sa, BOLCOY ap ka itilize yo sou teren an.

Li enpòtan pou bay ti chen yo kondisyon de vi ki adewat e konfòtab. Sòlda ki nan konpayi a konstwi kaj pou chen yo nan baz BOLCOY Tiahuanacu ki nan Kan Charlie, pou nouvo kamarad travay yo. Jodya a sòlda BOLCOY yo fyè paske yo gen nan mitan yo senk sòlda ki gen kat pat.



Lakay se lakay...







## En deyò de seremoni an...

Pou chak sòlda lapè, resevwa meday Nasyon Zini an reprezante yon gwo moman fyète ak prestij. Men se yon okazyon tou pou kontenjan yo prezante tradisyon ak kilti peyi yo e pèfòme dans ak espò. Lè seremoni an fini, yo tou pwofite rasanble pou diskite ansanm e fratènze ak tout lòt nasyon ki konstitye kokenn chèn fanmiy sòlda lapè yo.



**- BOLCOY, GUAMPCOY,  
NEPBAT, PERCOY -  
19 oktòb 2012  
Kan CHARLIE,  
Pòtoprens**







## Travay ak aktè imanité



Soti 15 rive 18 oktòb 2012, Biwo Nasyonzini pou zafè imanité (OCHA) te òganize nan Pòtoprens yon fòmasyon kòdinasyon militè-sivil (CMCoord). Ywit ofisyè fòs militè a te patisipe nan fòmasyon an...e yo te byen antoure tout kote ak aktè imanité yo.



Nan Sityasyon espesifik, tankou kriz ak dezaz natirèl, kominote imanité yo ak fòs militè yo travay ansanm pou asiste e pwoteje popilasyon an, jan gouvènman an mande li. Se te sou sijè sa fòmasyon OCHA a te chita. Objektif li se te fè aktè yo konnen epi konprann trè byen prensip kòdinasyon sa yo.

Yon ekip kap travay pou OCHA te vini espesyalman de Jenèv, Laswis pou fè kou a. Viviana de Annuntiis, ofisyè kòdinasyon sivil-militè pou Ayiti a, te òganize kou a. Pandan kat jou, atravè prezantasyon ak egzèsis pratik, patisipan yo te pataje eksperyans yo e echanje pwendvi yo konsènan aktivite imanité.



Kou a te fini jedi ak yon seremoni gradyasyon kote Mesye Nigel Fisher, Kòdinatè imanité Nasyonzini pou Ayiti, ak Kòmandan fòs militè a, Majò Jeneral Fernando Rodrigues Goulart te prezide. Chak gradye yo resevwa yon sètifika ofisyel OCHA. Nesesite kou a te vinn demontre preske imedyatman ak siklòn Sandy, kote prensip yo te aplike .

- ✗ **Opinyon yon militè:** “Li enpòtan pou nou konnen anvan yon kriz kijan diferan òganizasyon nou yo opere e kijan nou ka kopere pou byen popilasyon an.”
- ✗ **Opinyon yon ajan imanité:** “Li te patikilyèman enteresan pou mwen aprann sou sistèm militè a, ki trè diferan de sistèm imanité a. Mwen te kontan an kontak ak mesye an inifòm yo.”





## Aprann plis sou Ayiti...



### Ann kòmanse yon konvèsasyon an Kreyòl:

Do you want to talk with me?..... *Eske ou vle pale ansanm avèk mwen ?*  
 Let's talk together! ..... *An n fè yon ti koze !*  
 Where do you live?..... *Ki kote ou rete ?*  
 I live in Port-au-Prince..... *Mwen rete Pòtoprens*  
 How old are you?..... *Ki laj ou ?*  
 I am 30 years old..... *Mwen gen 30 lane*

Pèp Ayisyen an renmen pwovèb. Se pou sa nou pwopozew aprann yon nouvo pwovèb Ayisyen nan chak nimewo "Sòlda lapè". Fwa sa:

*"Ravèt pa janm gen rezon devan poul"*

(The cockroach is never right in front of the chicken).

Ki vle di: Gwo ponyèt toujou gen rezon!



## Yon kous ki trè divètisan



Jou ki te 12 oktòb la, Konpayi Filipin nan te òganize nan kan Delta "yon kous pou medam yo ka amize yo". Plis pase san jèn fanm militè, UNPOL ak sivil te patisipe. Fanm ki te genyen yo se: Mariko Yagawa, Yuki Tokunaga ak Mayu Kaito (JAPENGCY) nan kategori gwoup, Jodeline Olate Medina (CHIECUENGCY - te pran premye plas), Tatiana Velos Fuentes (CHIBAT - dezyèm plas) ak Maria Alejandra Barahona Vallee (GUAMPCOY -twazyèm plas) nan kategori endividyèl. Felisitasyon ak tout moun ki te patisipe!





## Distwa mwa a

Jou ki te 8 oktòb la, yon ekip enjenyè brezilyen tap soti Okay pou yo ale Plezans kote yap fè travay jeni. Nan zòn Kavayon, ekip la te apèsi yon fanm ki te nan soufrans sou bò wout la. Konvwa a te kanpe imedyatman e manm ekip la te ede madanm nan akouche.

Enfimyè BRAENGCOPY la te mete bebe a deyò. Apre akouchman an, yo te mennen nouvo fanmi a lakay li kote fanmi yo te akeyi yo.




### ENJENYÈ MILITÈ PEYI BREZIL



### POLIS MILITÈ PEYI GWATEMALA

Douzyèm kontenjan Polis Gwatemala a mennen yon pwojè ak enpak rapid nan St Roc, zòn Kafou ki pa twò lwen Pòtoprens. Pwojè a se te pou konstwi yon kloti, yon teren espò, yon ti espas ak grave epi enstale sistèm elektrik.

Popilasyon an te patisipe aktivman nan travay sa yo.







## BATAYON PEYI JÒDANI

**Karim, JORBAT:** “Mwen menm ak kòlèg mwen ki sòti nan wayom Jòdani ap fè anpil efò pou sipòte edikasyon. Nou konnen timoun yo se avni yon peyi, donk pandan nap fè patwouy, nou souvan distribye materyèl lekòl bay ti elèv lekòl yo”.



## BATAYON PEYI IRIGWE 1

**Carlos, URUBAT 1:** “Kontenjan mwen an kontinye sipòte pòpilasyon an nan aktivite kotidyen yo. Jou ki te 26 septanm lan, nou distribye 2000 lit dlo potab ak enstale yon jeneratris nan lekòl “Boisrond Tonnerre” nan Okay. Se vre mwen sonje fanmim men mwen kontan anpil dèske mwen se yon sòlda lapè”.



SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS



## BATAYON PEYI NEPAL

**Chandrasiri, NEPBAT:** “Soti 14 rive 19 septanm 2012, batayonm nan te òganize yon tounwa volebòl nan Kan Charlie. Kòmandan fòs militè a te louvri seremoni a e se te yon opòtinite pou tout kontenjan an yo te ansanm e pataje aktivite yo”.



## KONPAYI PEYI PEWOU

**Juan, PERCOY:** “Jou ki te 4 oktòb 2012 la, dòktè, dantis, enfimiyè ak sòlda ki sot nan peyi Pewou vizite òfelina Nòtredam Pèpetyèl Sekou nan Kwadèboukè. Yo prezante koregrafi, dans ak distribye manje bay timoun yo. Ekip medikal la te tou pwofite bay timoun yo swen lasante ak medikaman”.







## BATAYON PEYI SRILANKA

Kasun, SRIBAT: “Tabli sekirite se misyon prensipal nou an Ayiti men nou dwe tou kenbe yon bon relasyon ak popilasyon an. Donk, SRIBAT òganize jou ki te 5 oktòb la yon match foutbòl pou timoun kap viv nan Lewogan. Se te yon aprèmidi kè kontan; nou distribye manje ak sirèt bay timoun yo. Se te yon kokenn eksperyans pou mwen e mwen te pran plezi ladann”.




## ETAMAJÒ MINISTA

Staff MPIO, katye jeneral MINISTA: “Dezyèm chèf MPIO a, Lyetnan Kòmandan JIM Hoeft, ki nan lamarin ameriken pral kite nou apre li fin pase yon lanne an Ayiti. Jim, nou remèsyew anpil pou tout travay ou akonpli e bòn chans. Nou pral sonjew. Fè bon vwayaj! E nap tou swete byenvini ak siksesèw la, Lyetnan Laura Stegherr, ki fè pati lamarin ameriken. -Zanmiw yo.”



MS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS



UNITED NATIONS  
United Nations  
Stabilization Mission in Haiti



NATIONS UNIES  
Mission des Nations unies  
pour la stabilisation en Haiti

MINISTA

BIWO ENFÒMASYON PIBLIK  
MILITÈ YO (MPIO)

Kan Delta  
Taba 41, Boulva 15 oktòb  
Bwat postal 13363  
Pòtoprens, Ayiti

Nimewo 69 80  
mpio-clerk@un.org



Paj web  
MINISTA a



MINISTA  
sou Facebook



MINISTA  
sou Twitter



MINISTA  
sou Flickr



*"Met lapè se pa you jòb pou sòlda,  
men se sel sòlda ki ka fèl!"*

Dag Hammarskjöld,  
Sekretè Jeneral Nasyonzini 1953-1961.  
Pri Nobèl lapè 1961.



UN photo / Logan Abassi

